

2014

Kàllaama  
**farañse**  
ci àdduna bi

ORGANISATION  
INTERNATIONALE DE  
**la francophonie**



**Nathan**

# Kàllaama farañse ci àdduna bi 2014

576 xët, éditions Nathan, Paris.  
ISBN : 9978-2-09-882654-0

Kuréel giy saytu làkkum farañse mu ngi liggéey ci kiliftéegu, Imma TOR FAUS, soxna siy jiiite làkku farañse ak bépp wenneen xeetu làkk bu mu dëkkandool.

**Kiliftéeg geek mbind mi** : Alexandre WOLFF, kilifag kuréel giy sàmm làkkum farañse.

**Mbind mi** : Aminata AITHNARD.

**Njàppandal gi** : Geneviève DASTUGUES ak Pauline HARDOUIN.

## Jokkoo geek taskatu xibaar yi :

### Mbootaay wër àdduna yu réew yiy làkk farañse

**Julie Tilman**, mooy doxal sekerteer seneraal bi lépp lu ñeel xibaar ak jokkalante

Julie.tilman@francophonie.org

33 (1) 44 11 12 68

**Virginie Aubin-Dubille**, moo ame jëflante jeek taskatu xibaar yi

Virginie.aubin-dubille@francophonie.org

33 (1) 44 37 33 27

## Jokkoo geek kuréel gi :

### Alexandre Wolff

Alexandre.wolff@francophonie.org

33 (1) 44 37 33 85

**Tëggum kart yi** : AFDEC

**Lépp lu ñeel tëggum téere bi** : Anne-Danielle Naname, Juliette Lancien

**Ci wàllu nataal yi** :

Mbubb mi : REUTERS/Mohamed Azakir

Xet 8 : OIF ; xët 9 : AFP/sia Kambou ; xët 13 : Alliance française bu Chengdu ; xët 15 : Roy Mehta/Getty ;

Nataal yi ; xët 16 : Franck Sané/OIF ; xët 23 : Boubacar Touré Mandémory/OIF.

**Firikat yi**: Momar Cissé UCAD, Mamadou Cissé UCAD.

# ► Bataaxal

Kàllaama farañse sunu am-am la nun ñépp. Nun ñi koy jëfandikoo, du wax ji rekk lanu bodd. Li koy jëme kanam ak li koy wasaara war na noo itteel itam. Ni ko téere bii ñu yeestal te ñu naan ko “Kàllaama farañse ci àdduna bi”, dajale na mbooloo muy gën di takku te di gën di firndeel cosaanam ci Afrig. Kon boog, wér na ne léegi waa Afrig ñoo ame ëllëgu mbootaay gi ëmb dëkk yiy làkk farañse te ñu duppee ko *Farankofoni*.

Réewu Afrig yaa ngi gën di dugg ci rawante bu tar diggante doomi Aadama yiy gën di bare ak njàngale mu mucy ayib, diggante yokkute wu sax wu ñu jéggaaniwul ak ubbeeku wu jëm ci duggalante yi ci àdduna, diggante dëgërlaayu cosaan ak jëflante ci mbirum cosn ak aada. Bu ko defee, laaju tey bi wara yitteel ñiy làkk farañse, ñiy seen njiit ba ci nun ñiy kilifay mbootaayu farankofoni tey sàkku lu dooleel làkku farañse, mooy: ndax kàllaama farañse doon na walla mu nara doon li ñu mën dimbali ba ñu am ndam ci rawante yooyu?

Téere bii dafa ñuy jox ay jëf, ay lim, ay xalaat aki mbébét yu ñuy may ñu ni waaw ci laaj bu jëkk bi, am xel mu dal ci ñaareel bi.

Ñaar téemeer ak juróom-ñaar-fukk ak ñeenti milyoni nit ñooy làkk farañse. Looloo waral mu doon juróomeelu làkk bi ñu gëna wax ci àdduna bi. Waaye nanu jàpp ni limu nit ñiy yokku ci Afrig soowu jànt mi njàngaleem beral kàllaama farañse cër bu am solo, moo ko ko may, donte njàngale moomu mu ngi jànkoondeek ay jafe-jafe ci lim ak ci baaxaay. Ni ñu ko yaakaarewoon njàng mi ci farañse tax na ba limu ñiy làkk farañse yokku ci réew yu bare, dem na ba ci fanweer ci téemeer boo jël li ko dale 2010. Su weesoo jafe-jafe yu tar ci wàllu koppar ak mbooloo yu réew yu bare yu néew doole jànkoondeel, li leen gëna amal solo te wara mëna dooleel ëllëg, ci Afrig, kàllaama farañse, mooy fexe ba tolloole seeni làkk ak farañse bi. Téere bii dafay wone ñaari mbir. Bu jëkk bi, sóoraale nañu ko ci potitig yi leen farankofoni di gunge – ci misaal mën nañu ci lim Elan-Afrig -. Bi ci tegu mooy ne li ci ëpp ci askanu réew yooyu yépp yaakaar nañu ne kàllaama farañse mën na leen dimbali ci seeni soxla. Soxlay njàng, jokkoo, xibaar ba ci sax aada, cosaan ak nekkin ci biir nit ñi.

Ci lu wér, kàllaama farañse wërsëg la, ndimbal lu rëy la itam ci ñi ko mëna làkk. Mooy ñeenteeli làkku xarale yu bees yi, ñetteeli làkku jëflante yi, ñaareeli làkku xibaar yi ci yéenekaay yu mag yi, ñaareeli làkku liggéey ci mbootaay yu bare, ñaareeli làkk bi ñu gëna jàng ci àdduna bi. Ñenn ñi dañu ko judduwaale, di ko wax fu ñu tollu, ci seeni kër ak ca lekkool ba (ñoo ngi tollu ci ñaar-témeer ak fukk ak ñaari milyon). Ñeneen ñi dañu ko jàng ci daara yu suufe yi walla yu kawé yi, walla ñu jàngal ko seen bopp; moo tax li ñu koy wax barewul. Ñi koy liggéeye ci seeni joxalante ak seeni jëflante ak bitim-réew, dafa leen di may itam ñu mëna tegg ak fésal seen dund ak seeni yëg-yëg te teg ko ci seeni aadaay cosaan, ndaxte kàllaama farañse toogul benn palaas, dafay ànd ak jamono te di moomoo li ñépp bodd, ni ko masa sàkkoo Léopold Sédar Senghor.

Ci noonu, kàllaama farañse dafa di luy wéral dëkkandoo bi war diggante làkkeek cosaan yi te wara lal bépp waxtaan bu amul xaaj ak seen ci diggante jigéen ñeek góor ñi, diggante cosaan yeek aada yi ba ci ni ñu taxawale mbootaay yi. Su ñu sukkandikoo ci Dr Schweitzer mi doon wax ne mbëggeel kese moo mëna doon ñaar ci bokkoo, manes nañoo wax ne ci biir bokkoo la kàllaama farañse di dëgéral cofeelam ci nit ñi, ci lay mëna jëmal itam bëggante bu dëggu.



**Abdu JUUF**  
**Sekerteer Seneraal bu Farankofoni**

## Tëralin wi

### « Kàllaama farañse ci àdduna bi 2014 »

#### Xaaj bu jëkk: Kan mooy làkk farañse ci àdduna bi?

<b>1. Dog bu jëkk: Waññib «Farankofon» yi (ñiy làkk farañse)</b> .....	7
1. Lan mooy Farankofon ? .....	7
2. Limu nit ñu nekk ci juróom-benni gox yu ñu dendale ndax li seen nguur di jëfandikoo farañse : 1965-2065 .....	32
<b>2. Dog ñaareel: Làkkum tubaab ci Afrig</b> .....	39
1. Farankofoni Afrig : yan xalaat ci làkk yi ? .....	39
2. Gis-gis ci wareef ak palaasu làkkum farañse ak mbootaayu « Farankofoni » ci ñaar-fukk ak ñaari dëkk yu ndaw ak yu mag ci Afrig .....	70
3. Anduk làkk yi ci biir gox yiy làkk farañse : misaali juróomi réewu Afrig .....	82
4. Afrig diggu ak dëkki dex yu mag yi. Ay caabi ngir jàngat farankofoni .....	90
<b>3. Dog ñetteel: làkkum farañse ci ni ñu koy waxe</b> .....	137
1. Ubbite .....	137
2. Waxini làkkum farañse : diggante tegg ak njaxas .....	139
3. Yokkute làkkum farañse .....	162
4. Politigu làkk yi ci biir réew yiy làkk farañse .....	177

#### Xaaj ñaareel: Kan mooy jàng farañse ci àdduna bi?

<b>1. Dog bu jëkk: Farañse, làkk wu ñu jéggaani</b> .....	197
1. Ubbite .....	197
2. Misaal aki jàngat ci ay gox .....	212
3. Naka lañuy jàngale farañse ci àdduna bi .....	284
4. Njàngaleem farañse ca Siin .....	290
5. Farankofoni, selebe yoonu xamxam yi : njàngaleem farankofoni ci àdduna bi .....	323
<b>2. Dog ñaareel: Farañse, làkk wu ñuy jàngalee</b> .....	341
1. Ubbite .....	341
2. Misaal aki jàngat .....	348
3. Farañse, aw làkk ci daara yu ndaw yi ci Afrig .....	361
4. Njàngale mi ñuy defe ci farañse .....	370
5. REL yeek CLOM yi : ay jumtukaay ngir ñoñal njàngale mi ci farankofoni .....	391

#### Xaaj ñetteel: Farañse, làkku jokkolante ak jëflante ci réew yu bare

<b>Dog bu jëkk: Èttu koom-koomu ñiy làkk farañse</b> .....	403
1. Ubbite .....	403
2. Ab ngañaay ci réew yi .....	408
3. Ab ngañaay ci keri liggéeyukaay yi .....	420
4. Farañse, làkku liggéey ak jëflante .....	464
<b>2. Dog ñaareel: Wax ak àdduna ci kàllaama farañse</b> .....	487
1. Ubbite .....	487
2. Jokkoo ci farañse .....	490
3. Aw làkk wu amul fu muy yam te ñépp bokk ko .....	542
4. Farañse ci kanamu àdduna .....	547
5. Xam-xam ci tubaab .....	562

Juróomeelu kàllaama ci àdduna bi su ñu sukkandikoo ci lim bi koy wax ; li saytu yi wone mooy ne farañse beey ñew ci ginnaaw mandarin, àngale, español ak araab walla hindi, te dinañu ko jàng ci réew yépp yi ci àdduna bi. Moo tax muy yombal jokkoolante ci aadaak cosaan, di yombal wesareeb gis-gis yi ak ànd yi lal ci bokk tonu. Ñu yokk ci ne dafa doon sax, ci biir xarale yu bees yi, aw wéeruwaay wu dëgër, nekkit lu mēna soqali koom-koom, indi yokkute.

# 1. Farankofon yi ci àdduna bi


Ci atum 2014, ci limu téeméer ak ñaari réew aki gox, lu tollook ñaar téemeer ak juróom-ñaar-fukk ak ñeenti milyoni doomi aadama mēn nañoo làkk tubaab.

Ci biir mbooloo moomu, lu tollook ñaar téeméer ak fukk ak ñaari milyon a ngi bokk ci diwaanu « juddu teg ci di dund ak kàllaama farañse », maanaam dañuy jëfandikoo farañse bi fu ñu man di nekk, wute gi fi ñu koy làkke wute yàqu ci dara ndaxte kàllaama bii dañu ko teela daloo te di ko jëfandikoo lu bare. Làkk la woo xam ne dafa di bu ci nekk ci yii ñuy lim, ëmb leen itam :

- Kàllaamag kër ga ak lekkool ba, ñu donne ko ci wayjur yi walla jàng ko ca lekkool ba, fi nga xame ne moom lañuy jàngalee ;
- Kàllaamag nguur (moom kott walla ci wetu yeneen làkk) ci lépp luy liggéeyam ak jëflanteem ak bépp kuréel ;
- Kàllaama biy tax ñi bokkul làkk wu ñu juddoo mēna jokkoo ;
- Kàllaamag jokkoo ak cosaan bu ñuy faral di jëfandikoo ci tasum xibaar ak mbiri cosaan, aada ak ladab.

Diwaan bii di xolu barab yi ñiy waxe farañse yépp, dafa boole ay mbooloo yu jóge ci caada yépp ak ci àdduna si yépp, waaye li gën am solo ci moom mu ngi ci Afrig.


## Juddu te dundit ci kàllaama farañse



Réew moo jël ci yi ñu saytu, soo béggee xam fu mu tollu dëgg dëgg ci làkkum farañise tollu, dangay xool ni ñiy làkk farañise day soo leen dendaleek limu nit ña ca réew ma, ni


ko kart bi ci suuf birale. Du tee ñu bàyyi xel ci ne am na ay réew yu ñuy làkk farañise bu baax, doonte seen ndëgërlaay ci farankofoni demewul noonu ; safaan wa itam am na.

## Fattinu làkkum farañise ci adduna bi



Ci yeneen juróom-benn-fukk ak ñaari milyoŋu nit ñiy làkk farañise, ñi ci ëpp ñoo ngi jàngé làkk wi ci lekkool bi (kolees, liise) walla ci daara yu kawé yi, ni ñuy

jàngé làkk wu ñu jéggaani. Li ko waral mooy ne kàllaama farañise dinañu jàngale ci juróomi jéeri ak daanaka ci àdduna bi yépp.



Ci jëmukaay bii ñu duppee « tànn kàllaama farañse ni ab làkk wu ñu jéggaani » lu jege ñeent-fukk ak juróom-benni milyoŋu doomi aadama ñooy jëfandikoo làkk wi ci réewu tubaab yi. Ci misaal, ci réew yii ñuy lim, téeméeri nit yoo jël lu tollu ci diggante juróom-ñaar ak ñaar-fukk ak ñett nee nañu li ñu ci tubaab bi may na leen

ñu koy waxtaane. Su ñu boolee loolu yépp dafay wone ni yaatuwaayu farankofoni ci àdduna bi dafay daldi sanse.

Moo tax kàllaama farañse jël juróomeeli palaas bi ci àdduna bi su ñu xoolee ci ñi koy làkk. Mu ngi ci ginnaaw mandarin, àngale, español ak, ci li ñu jàpp, araab ak hindi.

## ► Ñi kàllaama farañse boole. Ràññaatle

### Juddu ci kàllaama farañse

**F**arañse mooy làkk wu jëkk (bi ñuy wax ca kër ga) ci Faraans, diwaanu jéggigéej, Kebek, Walooni-Briksel, Siwis romand ak Monaako... Ak itam ca Liban, Lugsanbuur, Ontaariyo, Nuwóo-Brinswik... ba ci Afrig : Gabon, Kamerun, Kongo...

### Dund agit kàllaama farañse (ci gox wu mu ame doole)

Fànn wii moo ëmb li ci ëpp ci farankofon yi lekkool bi booleek farañse te teewul ñu koy làkk bés bu Yàlla sàkk ci seeni joxalante ak ñi toogal seeni nguur, ñiy liggéey ci kër yi ñuy saytoo wér-gi-yaram, ñi ci kéri àttekaay yi. Moom lañuy làkk itam ci seeni yéngatu ci wàllu caada, ci seen dund ak tasum xibaar, ci seen liggéey walla ci mbirum koom-koom. Réew yooyu mën nañu leen fekk fu bare te wuute :

- Ci réew yépp yu seeni nguur di jëfandikoo farañse doonte nekkul seen làkk mu jëkk, maanaam bu ñuy wax ca kër ya : Benin, Burkina Faso, Kongo, Kotdiwaar, Gabon, Gine, Mali, Niseer, Repibilik demokaratik di Kongo, Senegaal ak Togo. Nanu bàyyi xel ne ca Mali walla ca Senegaal, bambara beek wolof bi ñoo ngay wàññi doole farañse bi.

- Fi nga xam ne farañse dafa fa nekk làkku nguur ànd ca ak beneen walla yeneen làkk ; boka na ci itam, fi nga xam ne farañse lañu fay jàngalee (ni Liban ak réewi naar yi ci Afrig) : Belgique (boo ci génnee Waloni-Birksel), Burundi, Kamerun, Kanadaa (boo ci génnee Kébec), Santar-Afrig, Komoor, Jibuti, Gine ekatoriyaal, Ayiti, Lugsambuur, Madagaskaar, Ruwanda, Seesel, Siwis (boo ci génnee Romandi), Càdd, Val d'Awost ak Waniyatu. Ci wàll wii, mēnees nañu jàpp ne kuy wut am xibaar yi war te bëgg itam boka ci ñiy dogal ci politig bi walla ci nekkin yi, baax na nga mokkal bu baax farañse.

### Jubluwaay, tannée fu farañse ni làkk wu ñu jéggaani

Ci yeneen réewi àdduna bi yépp, mën nañu, ci ay anam, tànn farañse ngir jokkoo, doxal mbiri caada walla di ko liggéeye. Leeg-leeg, farañse bi dajale ñu seen xam-xam nàcc bu baax a baax ci làkk wi. Am na ci, wax dëgg Yàlla, ay junni junni jàngalekatu farañse ak bindkat yu bare yuy ñoŋal mbind yi ci farañse.

Li ëpp ci ñiy jàng farañse ñoo ngi ci ay réew yu bare te wuute : Etaa-Suni ak Kosta Rika, Beresil ak Meksik, Siiri ak Usbekistan, Niseriyaa ak Angolaa, Ind ak Siin walla Ostarali.



## ► Yi gëna fés

- Diggante 2010 ak 2014, juróom-ñaar ci téeméer boo jël yokku nañu ci farankofon yi. (mu tollook lu ëpp fukk ak ñetti milyoŋ ci diwaanu « Juddu teg ci di dund ak kàllaama farañse »).
- Fukk ak juróom ci téeméer boo jël yokku nañu ci farankofon yu Afrig suuf-saara. Am na ci sax ay réew yu weesu lim boobu: Benin, Burkina Faso, Burundi, Kamerun,

Kongo, Gabon ak Senegaal (gën gaa tuuti fanweer ci téeméer boo jël).

- Fii ak àpp wu sore, su ñu sukkandikoo ci xaymay ONU jëm ci limu nit ñi, limu doomi aadama yi ci réew yiy làkk farañse dina weesu limu nit ñi ci réew yi nga xam ne yeneen làkk yu wuuteek farañse la seeni nguur di jëfandikoo. Làkk yooyu ñoo di : alman, portige, español ak sax araab.



# 2. Farañse ci ni ñu koy làkke : ci diggante woruwaay ci waxin, àbb waxin ak tëgg waxin

**F**arañse, làkk wu yaatu wuy soppeeku la, doonte coppite jooju du mengoo leegleeg ak tërëlinu làkk wi ci boppam. Li ci am solo mooy dafay ànd ak jamono ak itam dundinu doomi aadama yi. Mooy li waral sàqum-baatu (diksoneer) kër giy sàmm kàllaama farañse jóge ci ñeent-fukki junniy baat dem ba juróom-benn-fukki junni, ci diiru juróom-fukki at. Ci weneen wall, farañse, ci ni ñu koy waxe tey ci réew yi mu nekk yépp, dafay firi uute gis-gis gi nit ñi koy làkk am ci seen digganteek moom mi leen boole.

Ci misaal, làkkinu farañse yu bare feeñ nañu ca Kotdiwaar: “farañse bu Kotdiwaar” ak *nouchi*. Làkk wu ñu jéggaani ca njalbéen, farañse doon na léegi lu waa Kotdiwaar def seen moomeel. Li koy wone mooy naat ga farañse ba ñuy wax ca biir réew ma naat. Waxin yooyu yépp a dëkkandoo, di wujjeeka diggante su kenn ci waa dëkk ba di wax.

Beneen misaal, ca dëkku tubaab ya, li géna fés ci farañse bi waa Suisse di wax

mooy ne dafa bare ay xeeti waxin yu lala ci diwaan yi, ak ay màndarga yu sosoo ci seen réew (ndaxte farañse bi ñuy wax ci Suisse romande melul na wenn say).

Xeetu waxin yooyu dafa def ba baat yi ci diksoneer yi gën a bare:

- *Usito* mooy, ci Kebek, diksoneer farañse bi jëkk ci wàllu nimerik;
- Ci diksoneer farañse *Piti Robeer* ak *Piti Larus* yi mujj génn, ci wetu kàddu yi jóge ci xarala yu bees yi ak ci waxinu mbedd yi, raññee nañu ci léegi ay kàddu yu sosoo ca Beiik: “brol” (fouillis) ak “fricadelle” (saucisse panée); “patenteux” (bricoleur ingénieux) ak “cadran” (réveil) bu Kebek ak “arcade” (local commercial) ak “agender” (prendre rendez-vous) yi jóge ci *Elvetik* yi.

Jëm kanamu farañse gi manul ñàkk dañu ko wara gunge, rawatina ci yenn fànn yi mel na koom-koom, xarala yu bees yi. Foofu nag lañuy xaare farankofon yiy gëstu ci mbirum kàddu yi. Gis nañu ne béral nañu seeniy gise ngir dooleel làkkum farañse.




# 3. Jàng farañse ni làkk wu ñu jéggaani

## ► Ubbite

Ci téeméer ak ñaar-fukk ak juróomi milyoŋi ñit ñu tollu ci jàng ay làkk yu farañse bokk, lu jege ñeent-fukkeek juróom-ñeenti milyoŋ yi, ñoo ngi taamu jàng farañse ni làkk wu ñu jéggaani (ak lu ëpp tuuti juróom-ñaar-fukk ak juróom-benni milyoŋ moom lañuy jànge) ci téeméer ak juróom-fukk ak juróom-

ñeent réew yi ñu saytu: fukk ak juróom-ñeent ci diwaanu Afrig gu bėj-gànaar ak Digg Penku, ñaar-fukk ak juróom ci Afrig gu suuf-saara ak Gééj gu màgg gi fétéek Ind, fanweer ak ñeent ci Amrerik yi ak Karayib, fanweer ak juróom-ñaar ci Asi ak Oseyani, ñeent-fukk ak ñeent ci dëkku tubaab yi.

### ► Séddaliku jàngkati FLE 2014\*



\* Ëmb limi ñi bindu ci lékkaloo ak njàngaleem farañse mi.

Nin ko gise, li ëpp ci ñiy jàng farañse ci diwaanu Afrig bėj-gànaar ak diggu Penku. Ci misaal li ëpp ci ndongo (ñaar-fukk ak ñaari milyoŋ ci ñaar-fukk ak ñeenti milyoŋ yi) yaa ngi dankalikoo ci juróom-benni réew<sup>1</sup>: Alseeri,

<sup>1</sup> Mbirum Libañ moom mi nga xam ne ci ñaari làkk lay jàngalee, araab ak àngale, doonte njàngaleem làkk wu ñu jéggaani (FLE) soxal na ko, dañu koy jappe niki réew yi nga xam ne farañse mooy seen làkk wu gën am solo wu ñuy jàngalee.

Esipt, Marok, Syrie, Móoritani ak Tinisi. Li am ca Afrig bėj-gànaar moo gën a baaxati ci kàllaama farañse, dañu ko fay jàngalee ci yen fànni xam-xam yi ak sax ci daara yuk awe yi. Diwaan woowu itam gis nañu ne moo ëpp nit ñu bindu ci daara yiy jàngale farañse, muy wone, ci lu leer, tannéeef wu ànd ak pastéef wu ñu tànn kàllaama farañse.

Doonte limu ñiy jàng farañse wàññeeku na fa, réewu tugal yi ñoo des di nekk jéeri ji ëpp ñuy jàng farañse ni làkk wu ñu jéggaani. Farañse moo fay ñaareeli làkk bi ñu gën di jàngale ci daara yu ndaw yi ak yi digg-dóomu yi, di itam ñetteeli làkk wi topp ci almaa ci daara yu digg-dóomu yu mag yi<sup>2</sup>. Ñi jël raw-gàddu gi ak lu ëpp benn milyoni ndongo (eleew aki etijaŋ) ñooy Itaali, Almaañ, Rumaani ak Espaañ, topp ci Riissi. Nañu jàpp itam ne ca gox yi dul farankofon ca Belsik ak Siwis bare na lool ñuy jàng farañse ; gën caa fés réew yiy làkk angale, niki Irland ak Angalteer ñi jël farañse def kop muy làkk wi jëkk ci seeni làkk yi ñu jéggaani.

Ci jéeri Amerig ak ci Karayib, bëgg gi ñu bëgg farañse mi ngi gëna fës ci Kanadaa (ñi seen làkk bu jëkk nekkul farañse) ak ci Amerig ; topp ci Kosta Rica, Megsik ak

2 EACEA : éridis ; érosta « lim yi gën am solo ci njàngaleem làkk yi ci lekkool yi ci réewu tubaab yi », edison 2012, Birigsél.

Beresil. Waaye, mbëggeel googu gis nañu ko itam ci Argantin ak ci Peru. Ci woowu jéeri itam lañu ràññee li ëpp ci ndongo yiy jàng farañse ci daaray Mbootaayi lëkkaloo kàllaama farañse yi ; loolu di wone pastéefu ndongo yooyu mu jaral ñu ciy def seen jot ak seen alal, doonte am na ci ñoo xamante ni seen këru liggéeyukaay moo leen di fayal.

Ci ténk, ci 2010 ba tey, lii lañu jàpp ci limu ñiy jàng farañse :

- Ci àdduna bi yépp, lu ëpp juróom-benn ci ñaar-fukk yoo yël ;
- Ci Afrigu bëj-gànaar ak ci Digg Penku, lu ëpp juróom-ñaar ci ñaar-fukk yoo yël ;
- Ci Afrigu suuf-saara, lu ëpp ñeent-fukk ak ñeent ci ñaar-fukk yoo yël ;
- Ci dëkku tubaab yi, lu yées juróom-ñett ci ñaar-fukk yoo yël ;
- Ci Asi ak Oseyaani, lu ëpp ñeent-fukk ak ñett ci ñaar-fukk yoo yël ;
- Ci Amerig ak Karayib, lu ëpp ñaar ci ñaar-fukk yoo yël.

## ► Ñetti mbootaay yu wër àdduna bi : mbootaay gi ëmb daara yu mag yu Farankofoni (AUF), mbootaayi lëkkaloo kàllaama farañse yi ak daara yiy jàngale farañse

### Mbootaay gi ëmb daara yu mag yu Farankofoni (AUF)

**AUF** mooy kër-gu-mag gi yoore lépp luy njàngale mu kawé ak gëstu ci mbootaayu farankofoni. Ñoo ngi ko taxawal ci 1961 ca Monreyaal. Dafa wékk yëngatoom ci gunge bépp liggéey bu ñuy defe ci farañse. Ëmb na lu tollook juróom-ñetti-téeméeri kër yu ñuy gëstoo walla di fa amale njàngale mu kawé mi. Loolu lépp ci juróom-ñeent-fukk ak juróomi réew. AUF am na juróom-benn-fukki kër ci ñeent-fukki réew.


Jëy yi mag yi:

- Ndimbal gi mu jagleel njàngale mi: lu jege téeméer ak juróom-fukk njàng ci 2010 ak tey;
- Ndimbal gi mu jagleel lu jége juróom-ñaar-fukki fannu xam-xam ci farañse: ci 2010

ak tey, lu tollook ñaar-fukk ak ñetti junniy ndongo jaar nañu ci xeeti njàng yooyu. Ci ñoom, ñaar-fukk yoo jël, juróom-ñaar-fukk ya ci diwaanu Aasi-Pasifik lañu bokk;

- Ndimbal ak gunge gi muy gunge ñi am walla ñuy waajal seen lijaasa doktoraa: ñaar-téeméer ak fanweer ci 2010 ak tey;
- Ndimbal ak gunge gi muy gunge gëstukat yi: ñaar-téeméeri porose ci 2010 ak tey;
- Ndimbal ak woyafalug tukkiw ndongo yi: juróom-ñaar-fukki junni burs ci 2010 ak tey;
- Ndimbal gi jublu ci taxawal politig wu bare yéene ci mbirum nimerik: fukk ak ñaari këru nimerik ci réewi bëj-saalum yi; kër yu juróom-ñett-téeméer ak juróom-ñetti junniy nit di ganesi at mu nekk;

# Mbootaay gi ëmb daara yu kawe yu farankofoni



- Jàppale bàngaasi njàngale mi wéeru ci kalaama faranse, teg ji ay bérebu njàng yu xereñ yu mel ni: ceytu ca Sóofiyaa (réewum Bilgaari), informatik ca Anooy (réewum Wiyetnaan), tàggat ci sa liggéeyu bopp, ca Redwii (Móris), xam-xami paj fépp fu tàngoor sax ca Wiyeensiyan (réewum Lawos) ak ñaari bérabi ngàng yu wéeru ci làkku farañse te ci ñeel xelal, xam-xam ak njàngale mu feggu mi jëm ci yorinu njàng mu kawe mi ca Yawunde (réewum Kamerun) ak xarala ci wàllu xam-xam ak njàngale mu téewadi mi ca Tinis (réewum Tinisis).

## Mbootaayi lëkkalooy kàllaama farañse

Mbootaayi lëkkaloo ci kalaama farañse te ñu duppe leen (AF), ñooy téy mbollo mi njiitu ci àdduna bi ci wàllu lekkakaloo ñeel caada. Toll nañu ci 850 (juróom ñetti téeméer ak juróom fukki) bérab ci séddalikoo ci 137 ci téeméer ak fanweer ak juróom ñetti réew ci juróom mi goxi àdduna bi. At mu ne, lu toll ci 500 000 nit (juróomi téeméeri junney nit), mag ag ndaw dina ñu ñëw di jàngsi kàllaama farañse mbaa ñu bokk ci ay yëngu-yënguy caada yi ñuy amal ci bérabi mbootaay yi lëkkaloo yooyu. Mbootaay yi nag, doonte sax dañoo booloo uufu ci meneen mu mag mu nekk ca réewum Farãns te koperaasyon farañsees, maanaam njàppaleem Farãns, di leen dimbale, terewul ñu di ay ndajaloo yu ténku ci attey fi ñu ne. Dina ñu sukkandikoo ndimabalu ak taxawayu li tool ci 8 500 (juróom-ñetti junni ak juróomi téeméeri) nit.

Diggante atum 2009 (ñaari junni ak ñeent ak atum 2013 ñaari junni ak fukk ak ñett, limu jàngkatu kàllaama farañse yi bindu ci mbootaayi lëkkalooy kalaama farañse yi ci àdduna bi am yokkute gu raññeeku (+12%) (téeméer boo jëll yokku na fukk ak ñaar).


Ca **Tugal**, gannaaw réewum Monaako mi nga xam ne full na ñaari yoon limu ña bindu ci mbootaayi lëkkalooy kalaama farañse, réew yii di Ikreen 62% (téeméer boo jël yokku na fa juróom benn fukk ak ñaar), Portugaal 44% (téeméer boo jël yokku na ñeent fukk ank ñeent) Armeni 37% (téeméer boo jël yokku na fanweer ak juróom ñaar), Siwis 33% (téeméer boo jël yokku fanweer ak ñatt) Albani 30% (téeméer boo jël yokku na fanweer) firndeel nañu solo su fëtt si ñeel kàllaama farañse ak lépp luy birali caadam. Ca **Amerik ak Karayib**, xiirte googu feeñ na bu baax ca Barbaad (fulu na fa juróom ñeenti yoon), ca Honduraas (fulu na fa ñeenti yoon), ca Péru ak Arsenitiin (ñaari yoon) ca Salwatoor 61% (téeméer boo jël yokku na fa juróom benn fukk ak ben), Hayti 54 % (téeméer boo jël yokku na fa juróom fukk ak ñeent), Guwatemalta itam 38% (téeméer boo jël yokku na fanweer ak juróom ñett). Ci **géey gu mag féeteeg réewum Ind** nag, ay yokkute yi ñu gis mat naa seetlu ca réewum Komoor 54 % (téeméer boo jël yokku na juróo fukk ak ñeent) ak Madagaskaar 45% (téeméer boo jël yokku fa 46). Waaye ci **Afrik**, réewum Lesotho, daanaka néew sax, ful na liman fukki yoon ak ñett, réew yu baree itam a ngiy wone yokkute yu am solo, yu ci mel



ni : Jibuti (fulu na ñaari yoon kos genn wäll), Senegaal (fulu na 2,3 ñaari yoon kos ñett), Ecóppi 88% (téeméer boo jël yokku na juróom ñett fukk ak juróo ñett), Tansani 78% (téeméer boo jël yokku na juróom ñaar fukk ak juróom ñett), Eritéré 59% (téeméer boo jël yokku na juróom-fukk ak juróom ñeent), ak Niseria 49% (téeméer boo jël yokku na ñeent fukk ak ñeent). Ca **Asi** ak **Oseyani**, limu nit ña bindu ca Male (réewum Maldiiw) jóge na ci 29 ñaar fukk ak juróom ñeenti nit ba 701 juróomi téeméer ak benn ci diirub ñetti at. Fekk na muy yokk ca réewum Indonesi

81% ba téeméer boo jël yokku fa juróom ñett fukk ak benn, ce Fiji 64% téeméer boo jël yokku na juróom benn fukk ak ñeent, ca Filipine tam 45% téeméer boo jël yokku na ca ñeen-fukk ak juróom).Ci Afrig bëj-gannar ak **Diggu penku**, fa waa Falestiin dëkke fulu na fa 2,5 ñaari yoo ak genn wäll, ca dëkki Imiraat araab ya 67% boolo nag téeméer boo jël yokku na fa juróom benn fukk ak juróom ñaar, Mórítani mu njëkk ci ñi ñu yokkaat ci bindu mi ginnaaw gi ci tolloog 32% (téeméer boo jël mu yokku ci fanweer ak ñaar).

## » Séddaliku jàngkat yi ci mbootaayi lëkkaloo farañse (atum 2012)




## Kuréel farañse yi

**Kuréel farañse** bi dafa ëmb ay njàppoloo yu téew ci 161 téeméeri ak juróom fukk ak benn réew. Njawrinu Farānns gi yore bittim réew moo ko yilif. Sasam wu gënn a solo moy *tas et jàngale kàllaama farañse*. Kuréel farañse yi ci àddunu bi yépp dina ñu woote ci ay xéeti njàngale ci kallaame farañse ni aw làkk (FLE), walla ngir baaxe ci ñi ko sàkku yeneeni xam-xam yu mel ni (turism, yoon, paj, xarala, diggantey réew, aans.) walla ay waajtal ngir lijaasa ci làkk wi (DELF, DALF mbaa TCF waaye itam ay Diploom yuy firnde xarala te bàyyikoo ci Sàmbaar dë Komerse ak Indistiri bu Paris-Île-de-France).

Taxawaay seetlu yëngu-yëngu yi amoon diggante 2102 ak 2013 wone na ni limu jàngkat yi bindu ci njàngum làkk wi yokku na ci àdduna bi n yokkute gu am solo ba tolloog 13 yu nëw tegu ci 100 yu ne.

Ci **Tugal**, Geres ak Poloñ ñi àgg 40% ci téeméer boo jël yokku ñeen-fukk, ñoo gën a fés. Waaye ci **Afrig** lañu seetloo yokkute yi gën a am solo, rawatina bëc-saalumu réewum Suudaan, fa limb ba fuloo 2 ñaari yoon, ca Benin 2,5 ñaari yoon ak genn wäll ca Gabong 3 ñetti yoon, Gine 3,5 ñetti yoon ak genn wäll, ca Kamerun, moom, lim àgg na fa ba 5 juróomi yoon. **Asi** itam wone na yookute yu ranniku, Lawos yokku na 33% téeméer boo jël fanweer ak ñett ak Kambodge mi ba yokk 19% (téeméer boo jël fukk ak juróom ñeent). Ca **Diggu-Penku**, ña fa jiitu ñooy Liban mi yokk 84% téeméer boo jël juróom ñett fukk ak ñeent, Kowet 58% téeméer boo jël moo yokk ca juróom benn fukk ak juróom ñett, fa waa Falestiin dëkke ñi àgg ci 57% téeméer boo jël yooku na juróom benn fukk ak juróom ñaar. Ca **Karaayib**, Ayti moo fa gënn feeñ ci yokkute 15 % téeméer boo jël yokku fukk juróom.

►► Séddaliku ñu bindu ci kuréel farañse yi ci gox-goxaati àdduna bi (atum 2013)



► Tànninu njàngale mu kawé ci kàllaama faranse

**S**ettlu nañu ci njalbéen ni njaarini njàng mi ci farañse di fuloo fépp ci àdduna bi, ni ay bàngaasi njàng mu wéeru ci faranse du ame ci wàllu turism, nganale walla yoon ci Tugal ak Asi, ni muy

ame itam ci pàcci xam-xam yi ca Magreb ak bàngaasi njàngum xarala mi ci farañse ci àdduna bi yépp, du firi. dara lu dul njaxlafu njàng mu kowe mi ci kàllaama faranse.

Nëw na dolliku ci jàngkat yu nekk ci kuréel yiy jéfandikoo kàllaama faranse (yéral xët 11 fukki ak benn mu ci aju), ay téeméeri- téeméeri ndaw ñuy làkk kallaama googu te bokk ci réewi ci nekk béc-saalumu Tugal. Loolu ngir mottali seenum jàng ci daara ju kowe ji ñu duppe Lewo Póol Sedaar Sengoor ca Aleksandri.

Léer itam ci limu bi takku ci jàngkat ju jóge bittim-réew yi am kóolute ci ñiy làkk faranse ñeel seen wàllum njàng. Ci 4,5 ñeenti milyoŋ ag genn wàll ci jàngkat yiy genn jàngi bittim-réew, te genn wàll gi di jóge Asi, 2/3 ñaari ci ñetti xaaj Ámerik béc-gànnaar mbaa Tugal soow-jant lañuy jàngé.

Farãans mooy **ñetteeli réew** miy dalal jàngkat yooyu ginnaaw Amerik ak Angalteer. Lu tolli ci 300 000 ñetti téeméeri juuniy jàngkat yu jóge biitim-réew lay dalal. Lu ci ëpp angi jóge Magreb, Siin, Afrig suuf-saara ak Tugal.

Ay junneey-junni jàngkat a ngi dem itam Kebek mbaa wàllu Belsik wiy jéfandikoo farañse.




# 4. Kàllaame farañse ci ekool bi, dëkkub mbaaxale ak moomale

## ▶ ELAN-AFRIK



OIF) Mbootaayu réew yiy làkk farañs a ngi biral ag sosam ci 24 sanwiye 2012 ca Bamako ca Mali. Mu jubluwoon ca suqalli, ñongal ak feddali ngàng mi ci daraa yu ndaw yi nekk ci Afrig suuf-saara tey jëfandikoo farañse. Mébétam moo di yaatal te boole jëfandikoo làkki réew Afrik ak faranase



ci njàngale mu suufe mi ci juróom ñetti réewi Afrig suuf-saara, (di Benin, Burkina-Faaso, Burundi, Kamerun, Maali, Nijeer, Republik Demokratik bu Kongo ak Senegaal).

**ELAN-Afrik a ngi rabatti yoon, bokk na ci:**

- liggéey ci anam guy yombal boole làkk Afrik yi ci ekooli réew yi
- méngale li njàngale ëmb, waajal ay juntuukaay yu xareñ te jublu ci njàng mu dul sukkandikoo ci benn làkk rekk.
- tàggat jàngalekat yi ci njàngale moomu
- xelale ci yooni njàng ak njàngale muy sukkandiku ci ñaar walla ay làkk yu bari ngir jàng bind ak dawal ci ñetti at yi njëkk ci njàng mu suufe mi, (ci ndimballu sumbu bi njëkk te ñu duppe ko « Jàng dawal ak bind ci làkka wa Afrik wi nga miin ak ci farañse »

**ELAN-AFRIK, tey 8 juróom ñetti réew la, 28 ñaari fukki làkk ak juróom ñett yu ñuy jàngale, 423 ñeenti téeméeri lekool ak ñaar fukk ak ñett yuy sukkandiku ci ñaari làkk (2847 ñaari junney kalaas ak juróom ñetti téeméer ak ñeen-fukk ak juróom ñaar), 270 ñaari téeméer ak juróom benn fukk taggatkat, 5 900 juróomi junni ak juróom ñeenti téeméeri jàngalekat yu xereñ ak lu ëpp 100 000 téeméeri junni ndongo yu ci bokk. Sumb bi njëkk ci wàllu dawal ak mbind, moom, 8 juróom ñetti réew, 8 juróom ñetti làkk, 80 juróom-ñett fukki jàngalekat ak lu ëpp 4 000 ñeenti téeméeri ndongo yu ko séq.**

Ñii ñoo séq liggéey bi ELAN-Afrik ci: Kërug Farãans gu ame suqaliku ak jëm kanam, njawriñ Farãans gi ame bittim-réew (AFD) ak lëkkaloo adduna bi ngi njàngale mi. (PME).



# ▶ IFADEM



**M**bootaayu réew yiy làkk farañse (OIF) ak Mbootaay gi ëmb liggéeykat ak jàngkat yi nekk ci daara yu kowey réew yiy làkk farañse (AUF) tàmbali nañu, li ko dale atum ñaari junne ak juróom ñett (2008) ba léegi, dogal bi ñiy làkk farañse jël ngir tàggat ay jàngalekat fa ñu nekk (IFADEM) ci jamono joo xam ne, bu ñu sukkandikoo ci li càmpeefu xaymag Kuréelu mbootaayu réew yi ñeel njàngale, xam-xam ak aada (UNESCO) sóoraale, war nañu jël juróom-ñeenti téemeeri junney (900 000) jàngalekat yu bees ci daara yu suufe yi fi ak atum ñaari junne ak fukk ak juróom (2015).

## Xibaar yi ci ëpp solo :

- Ca Bénin, juróomi téemeer ak juróom-fukk ak juróom-ñaari (557) jàngalekat def nañu yoonu wóorliku wu njëkk wi, wóorliku boobu am na antu bu yegg ci juróom-ñeent-fukk ak juróom ci téemeer boo jël (95%), ak ñeenti junney (4000) jàngalekat yu ñu yebal ci seen bérebu liggéeyukaay yi ba pare ci jamono yu yàggul dara.
- Ca Burundi, juróom-benni téemeeri jàngalekat ak ñaar-fukk ak juróom-ñaar (627) def nañu pàccu wóorliku gi ak dayo biral bu tollu ci juróom-ñeent-fukk kos ñett ci téemeer boo jël 90,3%, ak junne ak juróom-ñaar téemeer ak fanweer ak ñett (1733) yu def pàccug yebbal gi ci bérebi liggéeyukaay yi ak dayo biral bu tollu ci juróom-ñeent-fukk ak ñeent kos ñett ci téemeer boo jël 94,3%.
- Ca Aytí, pàccu wóorliku bi, def nañu ko fa bu baax te ñeenti téemeer ak ñeent-fukki (440) jàngalekat yi bokkoon ci njàngale mi, juróom-ñaar-fukk ak ñeent kos juróom-ñett 74, 8 % boo ci jël ci téemeer yi, biral nañu seen njàng. Tàmbali nañu pàccug yebbal gi ci bérebi liggéeyukaay yi, pàcc gi soxal na lu

war a tollu ci junney jàngalekat ak juróom-ñetti téemeer (1800) ci biir réew mi yépp.

- Ca Kodiwaar tàmbali nañu pàccu wóorliku gu jëkk gi. Mu ngi am ci diwaan yii di Gañawa ak Abenguru te soxal juróomi téemeeri (500) jàngalekat.
- Ca République demokaratik bu Kongo, amal nañu fa ñaari wóorliku ca diwaanu Katanga, nga xam ne, juróom-benn-téemeeri (600) jàngalekat pare nañu fa seen njàng, ak ci ñetti diwaani njàng yu jege ak Kinshasa ak ñetti junney (3000) jàngalekat yu mu soxal.
- Ca Liban, pàccug wóorliku gi tàmbali na ginnaaw déggoo bu ñu xaatum ca atum ñaari junne ak fukk ak ñett (2013).
- Ca Niger, pàccug wóorliku gi tàmbali na te soxal lu war a tollu ci juróomi téemeeri (500) jàngalekat ci diwaani Maradi ak Tillabéri.
- Burkina Faaso, Kamerun ak Togo ñu ngi tamit ci pàccug waajal gi leen jëmale ci jëmmal IFADEM. Komore ak Càdd dinañu leen ci fekkisi ci lu dul yàgg dara.

**Jamono jii ñu nekk tey<sup>1</sup>, IFADEM dajale na lu tollu ci ñaari milyoŋ ak ñeenti-téemeeri junne ak ñeent-fukk ak juróom-ñaar ak juróom-ñeenti téemeer ak ñaar-fukk ak ñaar (2 447 922) ci waxtuy njàngale wala jàngal sa bopp ngir fukki junney jàngalekat ak juróomi téeméer ak juróom-ñaar-fukk ak juróom-ñaar (10577) (ak limu antu bu yembambaay bu tollu ci juróom-ñett-fukk ak juróom-ñett kos juróom-ñett ci téemeer boo jël 88, 8% ak tamit juróom-ñeenti téemeer ak ñeenti (904) tàggatkat ak wottukat. Dogal bi waral na ñu amal ñaar-fukki bérebi juntuwaayi xarala ak ñaar.**

Digaaley IFADEM ñooy : Kurelu Kanada gi aju ci suqalli gi wër àdduna (ADCI), Kurelu Faraans gi aju ci suqaliku gi (AFD), Mbootaay giy fésal njàng mi ak tàggatu mi ca bitim réew (APEFE) gu Wallonie-Bruxelles-International, Màkkaanu jëwriñu jëflante yi dox ci diggante réewi àdduna yi, mu ñiy jëfandikoo kàllaama farañse ak njënd ak njaayu bitim réew mu ngornmaa bu Kebek ak Bennoo Tugal jaarale ko ci mbooloom réewi Afirig, Karaayib ak Pasifik yi.

<sup>1</sup> Yeestal bu mujj bi : 05/09/14 ci <http://www.ifadem.org/fr>

# 5. Kàllaama farañse, benn xéwël ci wàllu koom-koom

**D**éndu koom-koomu réew yiy làkk farañse bindoowul ni mu waroon a bindoo wànte bokku ci mbootaayu réew yiy làkk farañse (OIF) ba pare, bokku làkku farañse ci geneen wàll gi, dafay jur ay mbir yu taqook koom-koom.

Ci noonu, bu ñuy gisante seen biir ak a bokk genn kàddu ci ay mbir yu taqook koom-koomu àdduna, baatu juróom-ñaar-fukk ak juróom-ñaari (77) réew ak ngornmaa yu ci bokk te nekk seetlukat ci mbootaayu réew yiy làkk farañse (OIF) dafay tollu ni dayo réew yooyu.

- **Fukk ak ñeent ci téemeer boo jël ci askanu àdduna.**
- **Fukk ak ñeent ci téemeer boo jël ci lees di am te dara dolliku wu ci.**
- **Ñaar-fukk ci téemeer boo jël ci demlante bi ak dikklante bi ci wàllu njënd ak njaay.**

Su ñu yemalee limu réew yi ci réew yi nga xam ne farañse mooy seen làkku doxalin sax ak ci réew yiy jëfe bu baax làkkum farañse (fanweeri dëkk ak ñett ñoo nekk Déndu réew yiy làkk farañse wala EF suñu sukandikoo ci jàngat bu FERDI<sup>1</sup> def ca atum ñaari junne ak fukk ak ñett (2013), réew yépp dañuy jëmmalaat :

- **6,5% askanu àdduna ;**
- **8,4% lees di am ci at te daru yooku ci ñeel àdduna bépp ;**

<sup>1</sup> Céline Carrère et Maria Masood. *Le poids économique de la langue française dans le monde*. Càmpëef gi fi nekkal njàngat ak gëstu yi aju ci suqali gi wër àdduna. (FERDI), fukki fan ak juróom ci weeru sàawiye atum ñaari junne ak fukk ak ñett (15 janvier 2013).

- **Fukk ak benn ci téemeer boo jël ci tooli àdduna yi ;**
- **Juróom-benn ci téemeer boo jël ci li àdduna denc ci wàllu enersi (8,4% gaas bi ak 5,5% petorol bi) ;**
- **Fukk ak ñeent ci téemeer boo jël ci IDE (li bittim réew du dugal ci xaaalis) yiy dugg ci àdduna bi ak 15,3% IDE yiy génn.**

Ci geneen wàll gi, réewi déndu réew yiy làkk farañse dañoo jàpp ne bokk kàllaama farañse dafay jur ay ngëneel : lu ëpp ñaar-fukk ak ñaar ci téemeer boo jël (+22%) ci demlante ak dikklante ci wàllu koom-koom daanaka ci diggante ñaari réewu déndu réew yiy làkk farañse ak lu ëpp juróom-benn ci téemeer boo jël ci alalu kenn ku nekk daanaka.

Looloo waral ñu jàppe, ci lu amul benn xel ñaar, ne kàllaama farañse mooy :

- **Ñetteelu kàllaamay jëflante bi ginnaaw àngale ak sinwaa ci àdduna bi (Bloomberg) ;**
- **Ñaareelu kàllaamay jëflante bi ci déndu Tugal ci ginnaaw àngale ak ci kanam almãa, ris (russe), italiyee, espanñol (British Council) ;**
- **Ñaareelu làkk bi ëpp njariñ ci demlante bi ak dikklante bi ci wàllu koom-koom, ginnaaw almãa ak ci kanam espanñol, araab ak sinwaa ni ko kuréeli Àngalteer yi fësale (British Council).**

Rax ci dollu, su fekkee ni sax réew yooyu yépp am nañu yokkute gu


yembambaay ci wàllu koom-koom gu yées gi yeneen réew yi am (lu ëpp fukk ak juróom-benn ci téemeer boo jël diggante atum ñaari junne (2000) ba atum ñaari junne ak juróom-ñeent (2009) dendale ak lu ëpp fukk ak juróom-ñeent ci téemeer boo jël), ñàkkum xaaalis ma atum ñaari junne ak juróom-ñett (2008) am na ci dayo bu gën a néew-doole (lu yées ñetti poñ ñu dendale ak lu yées juróomi poñ). Mën nañu wax ne, ci Afirig, lu ëpp fukki at a ngi nii, yokkute gi ci wàllu koom-koom mu ngi nekk juróom ci téemeer boo jël ci at mi daanaka, sës rëkk ci ginnaaw Asi te sore lool ci kanam Tugal. Li safaano ak li ñuy wax sax, nekkul réewi Afirig yiy làkk àngale rekk ñooy am resultaa yu baax ci wàllu koom-koom. Ci noonu, nettalib atum ñaari junne ak fukk ak ñeent (2014) bi aju ci coppite yi am ci Afirig, te kurélu Afirig giy dox coppite gi ci koom-koom<sup>2</sup> def ko, wone na ne Mórís

<sup>2</sup> Ngormaa bu Ghana, bu Pays-Bas, bu Norvége ak Fondaasiyoŋ Hewlett, Fondaasiyoŋ « Open Society Initiative », bàŋku àdduna bi yépp ak Sarwis bi yore wàllu suqali gi wër àdduna bu Grande-Bretagne (DFID) ñooy dugal xaaalis ci kurélu Afirig giy dox coppite gi ci koom-koom te sosu atum ñaari junne ak juróom-ñeent (2009).

(gi nekk tamit dëkku bu ñuy làkke àngale dolli ci kereyol bi), Kodiwaar, Senagaal ak Gabon bokkoon nañu ca atum ñaari junne ak fukk (2010), ci juróom-ñaari réew yi jiitu, bu ñu sukkandikoo ci « màndargam coppite gi ci koom-koom ».


Kon nag, kàllaama farañse dafa am, moom ci boppam, ay ngëneel yu jëm ci koom-koom te nekk menn mbir bokk ci am meññent wala ab liggéey (benn téere, benn film, walla soloy tàggatu), te nekk benn mën-mën bu ñu mën a soloool ci wutum liggéey mi wala ci bérebu liggéeyukaay bi (njëriñu làkk wi) wala mu nekk « meññent » moo xam ne bala nga koy am, dinga fey xaaalis (njàngum farañse, tekki am mbind, tekki ay kàddu...). Ci gis-gis boobu, dañuy gis ne njàng mi jëm ci wàllu aada (Natixis, Unifrance, Ernest & Young...), yiy gën a jublu ci mën-mëni dëndu réew yiy làkk farañse ci wàllu tele ak ñoom seen wala ci wàllu móolum téere. Léegi, gis nañu ne réew yi bokk làkku farañse yépp am doole lool ci jëflante àdduna bi aju ci mbiri cosaan ak aada.

»» **Jukki ci mbooloom koomu caada réew yi farañse nekk seen làkku nguur (2008)**



\* réew yi farañse nekk seen làkku nguur.


»» **Jéggaani ci mbooloom koomu caada réew yi farañse nekk seen làkku nguur (2008)**



\* réew yi farañse nekk seen làkku nguur.

Wàllu réew yiy làkk farañse ci jëflante bi nekk na tamit lu am solo ngir li tele yeek ñoom seen di wone.

▶▶ Wàllu réew yi farañse nekk seen làkku nguur walla ñu bopp koog àdduna bépp ci jukki luy soxal lu ëmb xibaar ak lu xeetoog moom (22,29%) ci 2008



Dégéraayu yoonu xibaar yi wër àdduna sax (TV5MONDE, RFI, France 24, Africa 24, Euronews...) ak dugal gi gurub yu mag yiy dugal xaalis jëmale ci askanu yi ñuy làkke farañse seen réew (BBC, CCTV) dañuy wone dayo kàllaama farañse. Ndamu TV5MONDE, tele bi fi nekkal làkku farañse te jëm ci fànn yu bare, mbërum ndajem réewi yi bopp kàllaama farañse, mooy firnde bi gën a leer.

Ngir daaneel, kàllaama farañse bi doon kàllaama liggéey, nekk na tamit benn xéwal ci liggéeykat yi ni ko kuréel yi tàqook làkku farañse te nekk ci àdduna yépp di ko jëmale : Mbooleem bànk réew yiy làkk

farañse (UBF), Kuréel gi ëmb mbooloom liggéeykat yiy làkk farañse (RAPF gi dajale saytukati xaalis, noteer, ñiy liggéey ci asirâas, way-xarala yi, saytukatu porose, ndaw ñiy liggéeyal seen bopp, ñiy liggéeyal seen bopp, jaadulkat...), kuréelu réew yiy làkk farañse tey yëngu ci wàllu teg lu bees (FINNOV)...



# 6 Kàllaama farañse bakk na ci kàllaama yi jitu ci enternet

**K**àllaama farañse ci enternet mu ngi dox. Moo jël ñeenteelu palaas bi, bu ñu sukkandikoo ci way-jëfandikoo

enternet yi, ginnaaw ñiy làkk sinwaa ak ñiy làkk àngale.

## ► Nattu tolluwaayu farañse bu sukkandiku ci ay kategori ci enternet

Kategori	Ñi farañse nekk seen làkk (L1)	L1+L2 Ñi farañse nekk seen ñaareelu làkk
Bolog	6,50	3,00
Li nekk ci enternet	8,00	4,05
Yi ñu defar ngir ay sarwis	7,95	4,00
Téere (Amaason rekk)	–	3,00
P2P*	–	6,33
Xëti web	–	6,00
Ëtti jukkoo	7,00	3,96
Mbiri jukkoo yi	6,79	3,76
Way-jëfandikoo enternet	9,00	4,00
Widewoo (You Tube rekk)	7,00	6,00
<b>Yémbani</b>	<b>7,44</b>	<b>4,30</b>

\* « peer to peer » walla ñaar ak ñaar (jukkoo bi dox diggante ay oordinaatëer)

### Li tukke ci jàngat bi

- Kàllaama farañse mooy **ñeenteelu làkk ginnaaw bu ñu sukkandikoo ci ñi koy jëfandikoo** (lim baa ngi tukke ci InternetWorldStats2011).
- Kàllaama farañse mooy **juróom-benneelu làkk ginnaaw bu ñu sukkandikoo ci xëti web yi** (lim baa ngi tukke ci W3Tech, bi nga xam ne mën na koo gën a suufeel).
- Kàllaama farañse **jège na ñeenteelu palaas bi ci li nekk ci enternet** (ñetti mbir yu Wikipédia bakk).
- Kàllaama farañse **jège na ñeenteelu palaas bi** ci juntuukaayu xamteef yi ñu tudde lósisiyeli jukkoo yi (fukk ak benni sistem).
- Kàllaama farañse **mu ngi nekk ñetteelu palaas bi** ci bolog yi (ñetti système).

- Kàllaama farañse **jège na ñeenteelu palaas bi** ci ëtti jukkoo yi (fukki sistem).
- Kàllaama farañse mooy **ñeenteelu kàllaama Amaason**.
- Kàllaama farañse mooy **juróom-benneelu kàllaama ci You Tube**.
- Kàllaama farañse **mu ngi nekk ñeenteelu palaas bi** ci li soxal yi ñu defar ngir ay sarwis (juróomi mbir).
- Kàllaama farañse **mu ngi nekk ci juróom-benneelu palaas bu tegal ñett (6,3) bi ci àddunay P2P** (3sistem).

Bu ñu boole nattukaayu yépp te bañ ci ëppal, Kàllaama farañse **mu ngi nekk ñeenteelu palaas bu tegal ñett (4,3) bi**. (ci lim bu tollu ci fanweeri mbir ak juróom-ñeent yu ñu seet).

# 7. Kàllaama farañsen, làkku jokkoo wu wër àdduna

## ► Yooni xibaar yi taqook kàllaama farañse

**Y**ooni xibaar yi ci kàllama farañse te nekk fépp ci àdduna wala yi jàppandi ci kàllaama farañse dañuy gën di bare di gën a am mbooloo. Bi ci jiitu mooy **TV5MONDE** bi fi nekkal ñiy làkk farañse ak ñi bëgg farañse ak wuutu ay làkk ak aada ak cosaan gi ci ñoom. Wuute googu tele baa ngi koy doxal ak fukki làkk ak ñaar yu muy jënfandikoo ci liggéeyam. Dinay dajale **juróom-fukki milyoji seetaankat ak juróom (55 millions)** ayu-bés bu nekk.

TV5MONDE moo nekk « tele askan » bu njëkk ci làkku farañse ci facebook ak benn milyonu nit bu tegal juróom-ñaar-téemeer bu fa bindu, di tele bu ñu mën a jàpp ci YouTube, Dailymotion, Twitter, Google+, Pinterest, Instagram, Foursquare...

Weer wu jot, ñetti milyoji widewoo lañuy gis ci dalu webi tele bi wala ci ètti jokkoo yi ak lu ëpp juróomi téemeeri junney way-jëfandikoo enternet yuy dem fi ñuy mën

a jàngé wala jàngale farañse ñu te tudde ko *Apprendre et enseigner le français avec TV5MONDE.*



Rax ci dolli **TV5MONDE Afrique** ñaar-fukki milyoji ak benn yu tegal ñeenti téemeeri junney (21,4 millions) nit ñu ngi koy seetaan ci ñeen-fukki réew ak juróom-ñett (48 pays) daanaka ayu-bés bu nekk. Siiwaayam ci déndu Afirig ëpp na juróom-ñeen-fukk ci téemeer boo jël (90%) ci kàppitaali Afirig yi seen réew di làkk farañse yépp. Tele bi mooy benn bi nga xam ne moom rekk mooy wone ay mbir yu benne yu jëm ci Afirig ag yoo xam ne, fukk yi ak juróom ci téemeer boo jël (15%), Afirig rekk lañu soxal.

## ► Kàllaama farañse, kàllaama bu amul benn dayoo te ñépp a ko bokk

**A**t mu jot, ci bésu ñaar-fukki fan ci weeru mars, bés bi ñu jagleel réew yiy làkk farañse yépp ci àdduna bi mooy okaasiyoŋ bi ñiy làkk farañse di jël ngir màggal ci làkk wi ñu bokk. Bérebu réew yiy làkk farañse, nekk tamit bérebu waxtaan ak dimbalante, dafay xumb ak kàddu yi, woy yi fay jib ak pecc mi ci

juróomi dénd yi. Ay junney-junney xew lañuy amal ci juróom-ñaar-fukk ak juróom-ñaari (77) réew ak nguur yu bokk ci réew yiy làkk farañse walla ñu nekk ñuy seet ci réew yiy làkk farañse waaye tamit ci yeneeni béreb yu ñuy faral di làkk tuuti farañse.



Beneen béreb bu ñiy làkk farañse di daje, di xalaatandoo ci èllégu kàllaama farañse ak ci anam yi nga xam ne làkk wi dina wéy di taxaw ci soxlay ndaw ñi, mooy : Ndajem kàllaama farañse miy boole àdduna yépp te jëkk koo defe ca Kebek ci weeru sulet atum ñaari junne ak fukk ak ñaar. Ndaje mi dafay taxaw taxawaayu pénc ci kurélu waa

réew yiy làkk farañse. Kuréel googu dina dajewaati ci weeru sulet atum ñaari junne ak fukk at juróom ca Liyees, « cap nord » bu réewi Tugal yiy làkk farañse ak kàppitaalu koom-koom bu Walloni ci waxtaan wu jëm ci « làkkum farañse muy xelaat di sos lu bees », fu lu war a tollu ci fukk junney nit ak juróom (15000) di daje, rawatina ay ndaw.

## ► Kàllaama farañse ci àdduna bi yépp

Jéfandikoo wenn làkk dafa tàmbali di am doole ci àdduna, ci kuréel yi àdduna yépp bokk niki bu xew-xewu tàggat-yaram bu mag amee. Moone, sàrt yi leer nañu te laaj nañu bu baax ag jéfe làkku yu bare, jéfe goo xam ne, làkku farañse, booy seet, wenn làkk èppu ko ci doole. Moo nekk, ci li ñu xaatim, làkku doxalin ak làkku wi ñu làkk ci bérebi liggéeyukaay yi.

Rax ci dollu, bu ñu taxawalee jéfe wenn làkk rekk ci seen doxalinu bés bu jot, ak coono yi ñuy daj ci tekki mbind yi ak wax ji, kuréel yi àdduna bokk dinañu nasaxal bokkug ak xalaatu ñi bokkul ci réew yiy làkk àngale. Jafe-jafe boobu aju ci demokaraasi, dafay ànd ak genn xayadig anamu doxal ak séddoog xibaar buy wéy, ñàkk solo ndax li mu èmb lu lëndëm, dem ba kenn du ko mën a xam. Xolaat bi borom xam-xami làkk yi di xolaat mbind yi dafa dem ba nekk lu war ca Mbootaayu Réew yi (ONU) ak Bennoo Tugal (Union européenne) ngir jéem a tekki ay mbind

yu ñu def ci kàllaama àngale bu jubadi, bu am tekkin yu bare, li gën sax ; wala bu am tekkin yu dul leer mukc ci xel yi, li ci gën a bon. Jafe-jafe làkki yi nekk léegi ay màndargay saytu bu bon, ñoo nekk liy yokk xaalis bi ñuy génne.

Ñàkk xalaat yu wuute dafay yombal bennale gisiin yi, amal benn àdduna boo xam ne coppite yu gaaw yi dañuy laaj ñu amal benn « xalaatin bu jafe ». Jëmuy dēj kàllaama farañse bi ak làkk yu bare yi ci ètti yi àdduna yépp bokk, làkkum farañse wi dafa fay jéem a yegg te di ci waxtaan ak réew yeek ngormaa yi bokk ci Mbootaayu réew yiy làkk farañse (OIF), ak foksineer yi nekk ci kuréel yi àdduna bokk ak kuréel yi ci seen bopp. Liggéey bu benne bi ñeen-fukk mboolooy àmbaasaadèer ak ñett (43) yu réew yuy làkk farañse di def ci xeex bi ñuy xeex ngir jéfe làkk yu bare dafa am solo lool. Yeneen dëndi làkki yu mag tamit yégal nañu leen xeex bi ñépp bokk te mu jëm ci bareel làkk yi.

